दिन–गुरूवार दिनांक–27.02.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक मंत्रिमंडल मे शामिल सात नव मंत्री के बीच विभागक बटवारा कऽ देल गेल। संजय सरावगी कँ राजस्व एवं भूमि सुधार विभाग, सुनील कुमार कँ पर्यावरण आ जलवायु परिवर्तन विभाग, राजू कुमार सिंह कँ पर्यटन विभाग, मोतीलाल प्रसाद कँ कला संस्कृति एवं युवा विभागक मंत्री बनाओल गेल। जीवेश मिश्रा कँ नगर विकास विभाग, विजय कुमार मंडल कँ आपदा प्रबंधन विभाग आ कृष्ण कुमार मंटू कँ सूचना प्रवैधिकी–आईटी विभागक जिम्मेदारी देल गेल।

---

कतेको मंत्रिक विभागमे फेर–बदल सेहो कयल गेल। उप–मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कँ कृषि विभागक जिम्मेदारी देल गेल। एहिसँ पहिने मंगल पांडेय एहि विभागक प्रभार संभारि रहल छलैथि। मंगल पांडेय कँ स्वास्थ्य विभागक संग विधि विभागक जिम्मेदारी सेहो देल गेल। नितिन नवीन कँ पथ निर्माण विभाग देल गेल। पहिने श्री नवीन लऽग नगर विकास आ विधि विभागक जिम्मेदारी छल। ओतहि डॉक्टर प्रेम कुमार सँ पर्यावरण, वन आओर जलवायु परिवर्तन विभाग जिम्मेदारी लऽ लेल गेल। आब हुनका लऽग मात्र सहकारिता विभाग रहत।

---

महाकुंभ कँ एकताक महायज्ञ कहैत प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ कहलनि जे देश कँ अपन विरासत पर गर्व अछि आ नव ऊर्जाक संग आगु बढ़ि रहल अछि। श्री मोदी सोशल मीडिया पर अपन विचार व्यक्त करैत कहलनि जे ई परिवर्तन युगक शुरूआत अछि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे महाकुंभ मे बेसी संख्या नहि एकटा रिकार्ड अछि अपितु एहि मे भारतीय संस्कृति आओर विरासत कँ कतेको सदि तक समृद्ध बनेने रखबाक लेल एकटा मजगूत नीब राखल गेल अछि। श्री मोदी महाकुंभक सफल समापन पर संतोष व्यक्त करैत लोकक मेहनत, प्रयास आ दृढ़ संकल्पक

लेल धन्यवाद देलनि। ओ कहलनि जे महाकुंभक दौरान एक सय चालीस करोड़ नागरिक कैँ आस्था एक संग एहि पर्व पर केन्द्रीत रहल जे अहलादित करयवला क्षण अछि। ओ जनौलनि जे महाकुंभ मे समाजक सभ वर्ग आ क्षेत्रक लोक एकजुट भेल।

———————————————————

समस्तीपुरक पटेल मैदान मे आई एनडीए कार्यकर्ता सम्मेलनक आयोजन कयल गेल। एनडीए कार्यकर्ता कैँ संबोधित करैत भाजपा के प्रदेश अध्यक्ष डॉ. दिलीप जायसवाल कहलनि जे आगामी विधानसभा चुनावक शंखनाद भऽ गेल अछि। ओ दावा कयलनि जे एनडीए मे एकजुटता अछि आओर प्रदेश मे एक बेर फेर सँ भारी बहुमतक संग एनडीए सरकार बनाओत।

———————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश भाग मे तापमान मे बढ़ोतरिक आशंका बनल अछि। मौसम विभाग के रिपोर्टक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान प्रदेशक अधिकांश भाग मे न्यूनतम आ अधिकतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक जे अगिला दू दिन धरि तापमानमे वृद्धि जारी रहत। एकरा बाद कैमूर, औरंगाबाद, रोहतास, गया आ नवादा समेत राज्यक दक्षिण—मध्य आ दक्षिण—पश्चिम भाग मे किछु स्थान पर हल्लुक वर्षाक संभावना अछि।

———————————————————

आकाशवाणी पटना के राजभाषा विभाग दिस सँ आइ एक दिवसीय हिन्दी कार्यशालाक आयोजन कयल गेल। एहि कार्यशाला मे कार्यालयीन हिन्दीक स्वरूप, हिन्दी लेखन मे व्याकरणिक भूल आ निराकरण समेत कतेको विषय पर चर्चा भेल। कार्यशाल मे आकाशवाणी पटना आ केन्द्रीय स्वास्थ्य योजनाक अधिकारी आ कर्मी भाग लेलनि।

———————————————————

बिहार पुलिस सप्ताह, दू हजार पच्चीसक तहत आइ अररिया के पुलिस केन्द्र मे स्वैच्छिक रक्तदानक आयोजन कयल गेल। जिलाधिकारी अनिल कुमार, पुलिस अधीक्षक अंजनी कुमार समेत कतेको प्रशासनिक आ पुलिस अधिकारी रक्तदान कयलनि।

---

समाप्त